



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

Opsyon: Acha nan oswa Mizajou Ekipman ak Pwodui pou Fè Fas ak COVID-19 la

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Ekipman ak founiti andedan kay la ak deyò (klwazon oswa separasyon pòtab, pwotèj plastik, enstalasyon eve, istansil ak asyèt jetab, afich COVID-19, resipyan pou fè depo, elatriye)
- Atik biznis ki nesèsè pou fè fas ak nouvo defi (lojisyèl pou swiv prezans, kominike avèk paran yo, elatriye)
- Amelyorasyon teknoloji pou kolekte done ak bay ajans ki antèt yo (acha lojisyèl, asistans teknik, elatriye)

Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidayo sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: whedco.org
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprezantan sendika w la